DEMOKRAT VIZYONÈ POU NOUVÈL AYITI A

PWOGRAM POLITIK

Angaje pou yon Nouvo Ayiti



JEAN ODELIN CASSEUS

★

Kandida Sena Repiblik la · Depatman Lwès

MO KANDIDA A

KONPATRIYÒT MWEN YO, MOUN DEPATMAN LWÈS, PÈP AYISYEN,

Gen moman kote yon pèp dwe gade peyi li avèk anpil lisidite.

San li pa twonpe tèt li. San li pa chache eskiz. Men tou, san li pa pèdi lespwa.

Ayiti ap travèse youn nan moman sa yo.

Ensekirite. Povrete. Chomaj. Yon sistèm jistis ki pa bay rezilta. Sèvis piblik ki prèske fin kraze.

Men, dèyè tout pwoblèm sa yo, gen yon mal ki pi rèd toujou: se santiman nou genyen kòmkwa peyi nou an pa konnen ki kote l prale ankò. Nou tout pèdi ansanm.

Epitou, yon pèp ki pa konnen ki kote l prale pa bezwen sèlman yo mande l pou l espere.

Li bezwen yon direksyon.

Li bezwen yon vizyon. Li bezwen priyorite. Li bezwen angajman.

Epi li bezwen yon volonte politik pou transfòme angajman sa yo an desizyon konkrè.

Se pou rezon sa a mwen prezante nou pwogram mwen an.

Se pa yon lis pwomès ni tou se pa yon lis solisyon mirak.

Pa gen okenn moun, okenn pati politik, okenn manda ki kapab rezoud tout pwoblèm peyi a pou kont li.

Sa mwen pwopoze w se yon direksyon.

Sou kouman nou dwe chanje fason n ap dirije peyi a.

Sou kouman nou dwe rebati enstitisyon nou yo.

Lalwa nou dwe adopte oswa modènize.

Paske fòk nou klè sou sa : se pa sèlman resous Ayiti manke.

Ayiti bezwen règ ki ka mache, enstitisyon ki pran responsabilite yo, epi yon vizyon komen sou avni peyi a.

Pandan twò lontan, nou reponn yon kriz ak yon lòt kriz.

Kounye a, li lè pou nou soti nan jere ijans pou nou antre nan planifikasyon ak konstriksyon.

Soti nan reyaksyon pou nou antre nan prevansyon ak antisipasyon.

Soti nan pwomès pou nou antre nan vrè politik piblik.

Pwogram sa a soti nan reyalite sitwayen yo :

- Manman an k ap chache kijan pou l bay pitit li manje,
- jèn yo ki ap chache yon travay,
- antreprenè a k ap fè fas ak yon pakèt obstak,
- kiltivatè a ki pa jwenn kote pou l vann rekòt li,
- pwofesè a, sitwayen an k ap chache jistis, pwofesyonèl la,
- ak tout moun sa yo ki, chak jou, ap fè Ayiti viv malgre tout difikilte yo.

Pou sa rive fèt, fòk nou rebati konfyans.

- Konfyans nan jistis.
- Konfyans nan enstitisyon yo.
- Konfyans nan pawòl moun k ap dirije peyi a.
- E sitou, fòk nou rebati konfyans Ayisyen yo nan tèt yo.

Men konfyans pa yon bagay ou dekrete.
Konfyans se yon bagay ou merite.
Ou merite li gras ak transparans, konpetans ak rezilta.
Se poutèt sa, ann mete mwens eslogan, plis travay.
Mwens pwomès ki enposib, plis angajman nou kapab mezire.
Mwens pouvwa pèsonèl, plis enstitisyon.
Sena a pa yon kote pou privilèj sèlman.
Se yon espas kote yo pote vwa pèp la, kote yo fè lwa, kote yo kontwole aksyon Leta.
Mwen pa mande nou kwè nan pawòl mwen sèlman.
Mwen mande nou li pwogram sa a, kritike li, pote pwopozisyon pou amelyore li.
Paske pwogram sa a dwe tounen yon kontra moral ant yon Mwen menm ak Nou menm nan Lwès la; yon kontra kote nou menm, sitwayen yo, gen dwa mande mwen rann kont.
Mwen pa pwomèt nou yon lòt Ayiti demen maten.
Mwen pwopoze pou nou kòmanse, ansanm, konstwi kondisyon ki nesesè pou lòt Ayiti sa a rive fèt.
Yon Ayiti kote lalwa pwoteje moun.
Kote enstitisyon yo fonksyone.
Kote travay pèmèt moun viv ak diyite.
Kote jèn yo gen konfyans nan avni yo.
Yon Ayiti ki p ap kontante l sèlman siviv.
Yon Ayiti k ap konstwi.
Chanjman an p ap travay yon sèl candida ni yon sèl eli ni yon ti gwoup.
Se travay yon pèp k ap deside reprann avni li nan men l.
E mwen menm, mwen pare pou m pran responsabilite pa m nan.
Pou Depatman Lwès.
Pou Ayiti.
Pou jodi a, men sitou pou demen.

ANGAGE POU NOUVO AYITI.

Jean Odelin CASSEUS

Kandida Sena Repiblik la

PWOFIL KANDIDA A



Soti nan Bèlfontèn rive nan sèvis Repiblik la

Mwen se yon pwofesyonèl, chèchè, pwofesè nan inivèsite. An menm tan tou, mwen se antreprenè ak aktè nan lavi piblik. Mwen fè eksperyans nan plizyè domèn: gouvènans piblik, devlopman, edikasyon, antreprenarya ak travay palmantè.

Men, anvan tout tit ak tout responsablite sa yo, mwen gen yon istwa ki kòmanse nan tè peyi d Ayiti.

Yon istwa ki soti nan pèp la

Mwen fèt andeyò nan seksyon Belle-Fontaine. Pou m te kapab jwenn edikasyon, paran m te oblije desann Fòjak vin mete mwen lekòl.

Se nan eksperyans sa a mwen aprann byen bonè valè travay, sakrifis ak pèseverans.

Manman m te konn vann Biskwit. Lè mwen te timoun, mwen te konn mache ansanm ak manman m pou ede l nan aktivite sa a. Se la mwen te dekouvri reyalite fanmi ayisyen k ap travay chak jou pou yo kapab viv, voye pitit yo lekòl epi konstwi yon pi bon demen.

Lè manman m te mouri an 2009, mwen pa t abandone batay la. Mwen te kontinye vann biskuit la bay kliyan manman m yo pou m te kapab pran swen tèt mwen ak ti sè m yo, pandan mwen te kontinye ale lekòl epi chache premye travay mwen.

Eksperyans sa a ban mwen yon bon vizyon sou sosyete a.

Mwen rive konprann akote chak estatistik, chak politik piblik ak chak gwo diskou sou devlopman, gen moun. Gen fanmi. Gen jèn k ap chache yon opòtinite. Gen antreprenè k ap lite. Gen paran k ap chache voye pitit yo lekòl. Gen sitwayen k ap chache sekirite, diyite ak yon pi bon kalite lavi.

Se moun sa yo ak reyalite sa yo ki bay angajman piblik mwen sans.

Konesans pou sèvi peyi a

Mwen konsidere edikasyon kòm youn nan pi gwo zouti yon sosyete genyen pou l transfòme tèt li.

Mwen gen yon lisans nan Syans Politik ak Filozofi nan Inivèsite Leta d Ayiti. Ansuit, mwen gen yon metriz nan Devlopman nan espesyalite Gouvènans ak Jesyon Piblik nan Inivèsite Senghor d'Alexandrie. Mwen boukle yon pwogram metriz nan Diplomasi ak Koperasyon Entènasyonal nan Akademi Diplomatik Jean Price-Mars. Pou Kounye a m ap rapousib yon doktora nan Planifikasyon Iben ak Aménagement Teritwa nan INSA Lyon. Rechèch mwen konsantre sou sèvis iben ak fason diferan aktè yo patisipe nan konstriksyon vil la ann Ayiti.

Mwen genyen yon sètifika Nasyonal nan swivi ak evalyasyon program envestisman piblik nan peyi d Ayiti epi yon lòt nan palmanteris mwen te fè a distans nan inivèsite Laval.

Pou mwen, konesans pa dwe rete nan inivèsite sèlman. Konesans dwe sèvi pou konprann pwoblèm peyi a, prepare pi bon desizyon epi amelyore fason Leta sèvi sitwayen yo.

Eksperyans nan sèvis piblik

Pandan pakou mwen, M te travay nan plizyè enstitisyon piblik, òganizasyon entènasyonal, inivèsite ak òganizasyon sosyete sivil.

Mwen te travay nan Ministè Afè Etranjè, Ministè Touris, Biwo Wo Komisarya Nasyonzini pou Dwa Moun ak Enstiti Repibliken Entènasyonal. Mwen te travay tou nan plizyè enstitisyon inivèsitè ann Ayiti ak nan peyi Lafrans.

Eksperyans sa yo mete mwen an kontak ak plizyè dimansyon nan lavi nasyonal la : administrasyon piblik, diplomasi, koperasyon entènasyonal, edikasyon, devlopman ak reyalite kominote yo.

Mwen te sèvi tou nan Palman ayisyen an kòm konseye palmantè depite Déus Deronneth, soti 2017 pou rive 2020.

Nan fonksyon sa a, mwen te patisipe nan preparasyon dosye palmantè yo, redaksyon nòt sentèz ak pwopozisyon lwa. Eksperyans sa a te pèmèt mwen konprann travay lejislatif la depi anndan epi wè nesesite pou enstitisyon yo pi pre reyalite sitwayen yo.

Yon moun ki kwè nan dyalòg ak transmisyon

Ansèyman okipe yon plas enpòtan nan pakou mwen. M te kòmanse anseye nan klas segondè depi nan lane 2013 pandan m te nan lisans.

Mwen anseye nan plizyè enstitisyon inivèsitè ann Ayiti, tankou IERAH, CEDI, UNDH, UPBAS ak IGGEP, Mwen anseye tou nan inivèsite Jean Moulin Lyon 3 an Frans kòm pwofesè ranplasan..

Mwen deja akonpaye yon dizèn etidyan nan redije epi soutni memwa lisans yo. Mwen patisipe nan kolòk entènasyonal epi kontribye nan pwogram fòmasyon inivèsitè.

Travay mwen kòm chèchè ak otè chita sou kesyon tankou diplomasi kiltirèl Ayiti, modènizasyon administrasyon piblik, kriz elektoral ak apre-elektoral, ansanm ak pwoblèm sèvis ak ensekirite nan espas iben yo.

Pou mwen, sèvi peyi a mande kapasite pou koute, konprann, analize epi dyaloge.

Antreprenarya kòm yon lòt fòm angajman

An 2026, mwen louvri yon boulanje. Antrepriz sa a pa sèlman yon aktivite ekonomik. Li se yon fason tou pou m fè viv yon istwa ki te kòmanse avèk manman m, epi pou m montre tou travay, antreprenarya ak pwodiksyon kapab jwe yon wòl nan devlopman peyi a.

Soti nan vann biskuit ansanm ak manman m lè m te timoun pou rive nan kreye pwòp antrepriz pa mwen, travay rete yon fil kondiktè pakou mwen.

Mwen konsidere devlopman kòm yon bagay ki dwe fèt nan enstitisyon yo, men tou nan katye yo, nan kominote yo, nan fanmi yo ak nan antrepriz ayisyen yo.

Poukisa Senatè ?

Kandidati mwen pou Sena Repiblik la se yon nouvo etap nan pakou mwen. Mwen vle itilize eksperyans ak konpetans mwen pou mwen sèvi Repiblik la ak sitwayen yo nan yon lòt nivo,travay lejislatif la, kontwòl aksyon piblik la ak refleksyon sou gwo oryantasyon peyi a.

Pou mwen, Sena a pa dwe sèlman yon espas kote yo vote lwa. Li dwe tou yon espas kote yo tande vwa depatman yo, kote pwoblèm popilasyon an jwenn plas nan deba nasyonal la, kote aksyon Leta kapab jwenn bon jan kontwòl epi kote yo kapab reflechi sou avni peyi a avèk responsabilite.

Eksperyans mwen kòm sitwayen ki soti andeyò, epi tou kòm sitwayen ki se alafwa etidyan, chèchè, pwofesè, antreprenè, konsiltan ak pwofesyonèl nan enstitisyon piblik ak koperasyon entènasyonal, ban mwen plizyè pèspektiv pou m li reyalite peyi a. Mwen pote eksperyans sa yo nan kandidati mwen.

Soti nan kominote a, soti nan travay pou sèvi Repiblik la

Mwen prezante kandidati mwen pou Sena Repiblik la pou depatman Lwès avèk yon konviksyon : politik dwe rete konekte ak reyalite moun yo.

Se avèk konesans, eksperyans, dyalòg ak travay mwen vle pote kontribisyon pa m nan lavi piblik peyi a.

Paske devlopman Ayiti pa konstwi sèlman nan biwo Leta yo.

- Li konstwi nan kominote yo.
- Li konstwi nan lekòl yo.
- Li konstwi nan antrepriz yo.
- Li konstwi nan fanmi yo.
- Li konstwi nan travay chak sitwayen.

E se la tou sèvis Repiblik la dwe kòmanse.

PWOGRAM POLITIK MWEN

Yon palmantè pa la pou ranplase gouvènman an. Li la pou reprezante pèp la, fè lwa, vote bidjè, kontwole aksyon gouvènman an epi defann enterè nasyonal la.


Se sou prensip sa yo mwen angaje m pou sèvi popilasyon an.



Fè lalwa



Kontwole pouvwa



Defann pèp la

TAB MATYÈ

AKS 1 Eta de dwa ak jistis 8

AKS 2 Transparans ak kontwòl gouvènman an 9

AKS 3 Pwoksimite, desantralizasyon ak ekonomi 10

AKS 4 Sekirite, mobilite ak lòd piblik 11

AKS 5 Enklizyon : dyaspora, fanm ak jèn 12

AKS 6 Lang, jistis, idantite ak edikasyon 13

01 ETA DE DWA AK JISTIS

1. Lalwa dwe menm pou tout moun

Nan peyi a gen yon gwo santiman enjistis, paske lalwa pa toujou aplike menm jan pou tout moun. Sitwayen òdinè yo souvan santi yo pi vilnerab devan lajistis, pandan moun ki gen pouvwa, lajan oswa koneksyon ka jwenn tretman privilejye. Mwen pral sèvi ak pouvwa lejislatif ak pouvwa kontwòl mwen pou defann prensip egalite devan lalwa. Mwen pral fè pledwaye pou ranfòse endepandans lajistis, aksè sitwayen yo ak lajistis ak responsabilite moun ki abize pouvwa yo. Konsa, nou va gen yon sistèm kote pozisyon sosyal, richès oswa koneksyon politik pa dwe detèmine fason lalwa aplike. Se baz poun bati yon sosyete pi jis.

2. Transparans ak kontwòl avan ratifikasyon jij ak anbasadè

Li enpòtan pou Pèp la konnen epi konprann ki moun yoap konfye gwo responsablite sa yo, ki eksperyans yo genyen ak ki pase yo. Se poutèt sa, anvan nenpòt ratifikasyon ki tonbe nan konpetans Sena a, mwen pral egzamine kalifikasyon, eksperyans, entegrite yo. Mwen pral etabli kritè evalyasyon piblik epi rann piblik pozisyon mwen ak rezon ki soutni li yo , nan limit lalwa pèmèt.



3. Bidjè a dwe vin yon kontra piblik efektif

Bidjè souvan vote avèk anpil pwomès, men sitwayen yo souvan pa konnen si pwojè yo te prevwa yo reyalize, konbyen lajan ki depanse oswa ki rezilta yo bay. Nou pral suiv aplikasyon bidjè nasyonal la pandan tout ane a, pa sèlman lè gen bilan final. Mwen pral mande enfòmasyon sou pwojè yo, depans yo ak rezilta yo epi pibliye yon rapò trimestriyèl sou suivi bidjè a.

4. Pou politik etranjè Ayiti

Ayisyen dwe konnen sa l ap angaje l paske Akò ak angajman entènasyonal gouvènman an pran kapab gen konsekans sou sekirite, ekonomi, diplomasi ak souverènte peyi a. Mwen pral egzamine ak anpil atansyon angajman entènasyonal ki mande entèvansyon Sena a, evalye konsekans yo pou peyi a epi mande pou enfòmasyon ki nesesè yo disponib pou piblik la.

5. Komisyon palmantè yo dwe tounen zouti travay

Mwen konte travay nan komisyon ki gen rapò ak gwo priyorite peyi a : Afè Etranje, Kilt ak Defans ; Afè Sosyal (sante, edikasyon, jènès, kondisyon feminin…) ; Afè Ekonomik. Lè komisyon yo pa fonksyone avèk efikasite, anpil dosye enpòtan pa jwenn bon jan analiz.



03 PWOKSIMITE, DESANTRALIZASYON AK EKONOMI

6. Yon senatè ki tande popilasyon an

Twò souvan, reprezantan politik yo parèt pandan kanpay epi yo disparèt apre eleksyon. Mwen pral mete sou pye yon mekanis regilye pou resevwa plent, pwopozisyon ak petisyon sitwayen yo. Mwen pral òganize rankont piblik regilyèman nan diferan zòn epi fè yon rapò sou prensipal pwoblèm popilasyon an pote devan mwen.

7. Yon bidjè ki pi jis pou tout teritwa

Twòp resous piblik konsantre nan kèk zòn pandan anpil komin ak seksyon kominal rete san enfrastrikti debaz. Mwen pral defann yon mekanis ki pi jis ak plis transparan pou distribisyon resous piblik yo ant diferan kolektivite teritoryal yo, ak objektif pou pwogresivman rive nan yon prensip “ren pou ren”, kote teritwa yo resevwa yon pati jis nan resous piblik yo selon kontribisyon yo ak bezwen yo.

8. Kreye antite metropolitèn

Gwo vil yo depase limit yon sèl komin. Transpò, fatra, dlo, drenaj, lojman ak planifikasyon iben mande yon kowòdinasyon ki depase yon sèl Meri oubyen aksyon izole chak Meri. Mwen pral pwopoze yon kad legal pou devlope antite metropolitèn pou gwo zòn iben yo, kòmanse ak Pòtoprens, epi etidye aplikasyon modèl la pou lòt gwo sant tankou Okap ak Okay.

9. Pwodiksyon nasyonal ak lavi chè

Lavi chè ap diminye pouvwa dacha fanmi yo, pandan anpil ti pwodiktè ayisyen pa jwenn kredi, mache oswa sipò ki nesesè pou devlope aktivite yo. Mwen pral defann yon politik bidjè ki bay plis sipò pou agrikilti, atizana, ti piti ak mwayen antrepriz ak lòt aktivite pwodiktif. Se pou gen plis pwodiksyon lokal, plis travay ak yon ekonomi ki diminye depandans li sou enpòtasyon.

04 SEKIRITE, MOBILITE AK LÒD PIBLIK

10. Sekirite ak respè dwa sitwayen yo

Ensekirite detui lavi ekonomik ak sosyal peyi a, pandan popilasyon an bezwen yon fòs sekirite ki efikas men ki respekte dwa moun. Mwen pral itilize pouvwa kontwòl Sena a pou mande enfòmasyon sou bidjè, ekipman, rekritman ak rezilta fòs sekirite yo. M ap sipòte mezi lejislatif ki ranfòse kapasite Lapolis Nasyonal d Ayiti epi Lame a, pandan y ap egzije respè dwa moun ak responsabilite enstitisyonèl.

11. Adrese pwoblèm sirèn nan

Anbilans, ponpye ak machin lapolis ka bloke nan trafik, pandan kèk moun itilize sirèn oswa lòt privilèj ilegalman. Mwen pral travay pou dispozisyon legal ki bay machin ijans yo priyorite aplike tout bon. Mwen pral mande yon sistèm otorizasyon klè pou sirèn yo, ansanm ak sanksyon kont itilizasyon abizif.

12. Regilarize sektè taksi moto

Taksi moto se yon sous revni enpòtan pou anpil fanmi e li se youn nan prensipal mwayen deplasman popilasyon an. Mwen konte travay avèk chofè yo, asosyasyon yo ak lòt aktè yo pou devlope yon kad legal ki prevwa anrejistreman, pèmi, asirans, kask obligatwa, idantifikasyon ak ak fòmasyon sou règ sikilasyon.

13. Chache rezoud pwoblèm fatra a

Move jesyon fatra lakòz polisyon, bouche kanal, inondasyon ak lòt pwoblèm sanitè. Mwen pral chache klarifikasyon legal sou responsablite SNGRS, meri yo ak lòt aktè yo. Mwen pral defann règ klè sou koleksyon fatra, sanksyon ak mekanis pou konstate enfraksyon.

05 ENKLIZYON : DYASPORA, FANM AK JÈN

14. Dyaspora a se yon pati nan nasyon an

Mwen vle travay pou pwoteje dwa dyaspora a, amelyore aplikasyon lwa ki konsène nasyonalite ak pwopriyete, epi kreye pi bon kondisyon pou envestisman li nan peyi a. Travay sou mekanis ki pèmèt konpetans, kapital ak eksperyans dyaspora a kontribye plis nan devlopman nasyonal la.

15. Pwoteksyon ak patisipasyon pou Fanm ak Tifi

Fanm ak tifi kontinye fè fas ak vyolans ak diskriminasyon, pandan reprezantasyon fanm yo nan espas desizyon an rete yon kesyon enpòtan. Mwen pral sipòte lwa ki ranfòse pwoteksyon fanm kont vyolans, amelyore aksè yo ak jistis epi ankouraje patisipasyon yo nan lavi piblik ak politik.

16. Retire Jèn yo nan chomaj pou ale nan opòtinite

Anpil jèn ap fini lekòl san fòmasyon pwofesyonèl, san travay epi san aksè ak opòtinite ekonomik. Mwen pral sipòte politik ak lwa ki ka devlope fòmasyon teknik ak pwofesyonèl, aprantisaj, antreprenarya ak kreyasyon travay pou jèn yo.

17. Moun andikape yo

Mwen travay pandan anpil tan ak moun andikape epi lòt gwoup minorite nan sosyete a. mwen konte fè yon odit sou enstitisyon ki ap ofri sèvis piblik tankou prive pou gade nan ki nivo yo enklizif epi travay ak Biwo sekretarya pou moun andikape yo pou fè enstisyon yo egzijans pou respekte dispozisyon ki nan lwa 2008 la sou moumn andikape yo. Mwen pral pote konvansyon Marrakech la pou pèmèt li ratifye nan palman konsa moun ki gen pwoblèm vizyon yo va gen aksè ak lakonesans.

06 LANG, JISTIS, IDANTITE AK EDIKASYON

18. Jistis dwe aksesib nan lang pèp la

Yon sitwayen pa ka defann dwa li toutbon si li pa konprann lwa ki gouvène li. Mwen pral defann yon politik nasyonal pou rann sistèm legal la pi aksesib an kreyòl, kòmanse ak tradiksyon ofisyèl, nan yon langaj ki klè, Kòd Penal, Kòd Sivil, Kòd Sikilasyon ak lòt gwo kòd ak lwa fondamantal yo, ansanm ak enfòmasyon sou pwosedi lajistis yo.

19. Kreyòl nan tribinal ak nan administrasyon piblik

Lè yon moun devan yon tribinal pa konprann lang yo itilize pou eksplike ak defann dosye li, dwa li ka vin febli. Mwen pral sipòte mezi ki pèmèt itilizasyon kreyòl nan tout etap kote sa nesesè pou garanti konpreyansyon sitwayen yo : odyans, enfòmasyon sou dwa yo, dokiman eksplikatif ak kominikasyon ak administrasyon piblik la.

20. Edikasyon an kreyòl pou pèmèt nou konprann anvan n memorize

Lang ansèyman an kapab vin yon baryè lè elèv la pa metrize li ase pou konprann konsèp yo. Mwen pral fè pledwaye pou ranfòse kreyòl kòm lang ansèyman, sitou nan syans, matematik, istwa ak lòt matyè fondamantal, pandan n ap devlope bon jan materyèl pedagojik ak fòmasyon pou pwofesè yo.

21. Yon idantite nasyonal ki pale ak pèp la

Refondasyon peyi a mande plis pase chanjman ekonomik ak enstitisyonèl. Mwen pral pote yon refleksyon sou plas kreyòl ak kilti ayisyen an nan enstitisyon leta yo, ansanm ak pwopozisyon pou im nasyonal la kapab chante an kreyòl, nan respè kad legal ki aplikab la.

KONKLIZYON

Pwogram sa a chita sou yon konviksyon senp :

Ayiti bezwen enstitisyon ki sèvi sitwayen yo, pa sitwayen ki oblije sèvi enstitisyon yo.

Kòm palmantè, angajman mwen se pa pwomèt sa yon senatè pa gen pouvwa pou fè. Se sèvi ak zouti Konstitisyon an bay Sena a : fè lwa, vote bidjè, kontwole gouvènman an, ratifye kote lalwa mande sa, epi reprezante vwa pèp la.

Mwen angaje m pou yon travay palmantè ki mezirab , transparan epi aksesib.







★

Fè lalwa. Kontwole pouvwa. Defann pèp la.

REJWENN NOU

www.jeanodelincasseus.com

senateur@jeanodelincasseus.com

+509 3535-0505

Adrès biwo santral, Pòtoprens

LES DÉMOCRATES VISIONNAIRES
#56
DVNH
POUR LA NOUVELLE HAITI

Demokrat vizyonè pou Nouvèl Ayiti a

Fè lalwa. Kontwole pouvwa. Defann pèp la.

ANGAJE POU YON NOUVO AYITI

NOM DU PARTI

PROGRAMME POLITIQUE

Engagé pour la Nouvelle Haïti



JEAN ODELIN CASSEUS

Candidat au Sénat de la République · Département de l'Ouest

MOT DU CANDIDAT

MES CHERS COMPATRIOTES,

Il y a des moments où un peuple doit regarder son pays avec lucidité.
Sans se mentir. Sans chercher d'excuses. Mais sans perdre espoir.
Haïti traverse l'un de ces moments.
Insécurité. Pauvreté. Chômage. Justice défaillante. Services publics en ruine.
Mais derrière tout cela, il y a un mal plus profond : le sentiment que notre pays ne sait plus où il va.
Et un peuple qui ne sait plus où il va n'a pas besoin qu'on lui demande d'espérer.
Il a besoin d'une direction.
D'une vision. De priorités. D'engagements.
Et d'une volonté politique pour en faire des décisions concrètes.
Voilà pourquoi je vous présente mon programme.
Ce n'est pas une liste de promesses.
Ce n'est pas un catalogue de solutions miracles.
Aucun homme, aucun parti, aucun mandat ne réglera seul tous nos problèmes.
C'est une direction.
Ce que nous devons changer dans notre façon de gouverner.
Ce que nous devons reconstruire dans nos institutions.
Les lois que nous devons adopter ou moderniser.
Car disons-le avec courage : Haïti ne manque pas seulement de ressources.
Haïti manque de règles qui fonctionnent, d'institutions qui assument leurs responsabilités, et d'une vision commune de l'avenir.
Trop longtemps, nous avons répondu à une crise par une autre.
Il est temps de passer de l'urgence à la construction.
De la réaction à l'anticipation.
Des promesses aux politiques publiques.
Ce programme part de la réalité des citoyens :
la mère qui cherche à nourrir ses enfants,
le jeune qui cherche un emploi,
l'entrepreneur qui se heurte à mille obstacles,
l'agriculteur qui ne peut écouler sa récolte,
l'enseignant, le justiciable, le professionnel,
et tous ceux qui, chaque jour, font vivre Haïti malgré tout.

Pour cela, il faut reconstruire la confiance.
Dans la justice. Dans les institutions. Dans la parole publique.
Et surtout, la confiance des Haïtiens en eux-mêmes.
Mais la confiance ne se décrète pas : elle se mérite.
Par la transparence. Par la compétence. Par des résultats.
Alors, moins de slogans, plus de travail.
Moins de promesses impossibles, plus d'engagements mesurables.
Moins de pouvoir personnel, plus d'institutions.
Le Sénat n'est pas un lieu de privilèges.
C'est un lieu où l'on porte la voix du peuple, où l'on fait la loi, où l'on contrôle l'action publique.
Je ne vous demande pas de me croire sur parole.
Je vous demande de lire ce programme, de le critiquer, de l'enrichir.
Car il doit devenir un contrat moral entre un élu et ses citoyens, un contrat dont vous pourrez exiger des comptes.
Je ne vous promets pas une autre Haïti demain matin.
Je vous propose de commencer, ensemble, à en construire les conditions.
Une Haïti où la loi protège.
Où les institutions fonctionnent.
Où le travail permet de vivre dignement.
Où la jeunesse croit en son avenir.
Une Haïti qui ne se contente plus de survivre.
Une Haïti qui construit.
Le changement ne sera pas l'œuvre d'un seul candidat.
Il sera l'œuvre d'un peuple qui décide de reprendre son avenir en main.
Et moi, je suis prêt à prendre ma part.
Pour le Département de l'Ouest.
Pour Haïti.
Pour aujourd'hui, mais surtout pour demain.

Engagé pour la Nouvelle Haïti.

Jean Odelin Casseus

Candidat au Sénat de la République

PROFIL DU CANDIDAT



Un parcours au service du territoire, de la connaissance et de l'action publique

Jean Odelin Casseus est chercheur, enseignant universitaire, entrepreneur, consultant et professionnel de la gouvernance publique, de la diplomatie et du développement. Doctorant en Urbanisme et Aménagement du Territoire à l'INSA Lyon, il s'est construit au fil des années un parcours à la croisée de la recherche, de l'enseignement, de l'entrepreneuriat, de l'action publique, de la coopération internationale et du travail parlementaire.

Mais derrière les titres et les responsabilités, il y a d'abord une histoire profondément enracinée dans le terroir haïtien.

De Belle-Fontaine au service public

Jean Odelin Casseus est né en milieu rural, à Belle-Fontaine. Pour aller à l'école, il a dû quitter son milieu d'origine et descendre vers la ville, notamment à Fort-Jacques.

Sa mère vendait du pain, notamment des Biskwit. Enfant, il l'accompagnait dans cette activité et a ainsi découvert très tôt le monde du travail, le contact avec les gens et la réalité quotidienne des familles qui vivent de leur activité.

À la disparition de sa mère, en 2009, il a continué à vendre du pain aux clients de sa mère afin de subvenir à ses besoins et de ses petites sœurs, en continuant d'aller à l'école, en attendant de décrocher son premier emploi.

Cette expérience demeure une composante importante de son histoire personnelle : elle lui rappelle que parallèlement aux grandes politiques publiques se trouvent toujours des femmes et des hommes qui travaillent, entreprennent, se battent et cherchent simplement à construire une vie digne. Tout ce qu'ils veulent c'est un cadre de vie sure.

En 2026, après plusieurs années de parcours universitaire et professionnel, Jean Odelin Casseus ouvre sa propre boulangerie. Ce choix représente pour lui bien plus qu'une activité économique : c'est une manière d'honorer le rêve de sa mère, de valoriser le travail et de rester attaché à ses racines.

La formation comme outil de transformation

Son parcours académique s'est construit autour des sciences politiques, de la gouvernance, du management public, de la diplomatie et aujourd'hui de l'urbanisme et de l'aménagement du territoire.

Il est titulaire d'une licence en Sciences politiques et Philosophie de l'UEH, d'un master en Développement, Gouvernance et Management public de l'Université Senghor d'Alexandrie et d'un master en Diplomatie et Coopération internationale de l'Académie diplomatique Jean Price-Mars (MAEC). Il poursuit actuellement un doctorat en Urbanisme et Aménagement du Territoire à l'INSA Lyon, où ses travaux portent notamment sur les services urbains et les mécanismes coproduction de la ville en Haïti. Il est détenteur d'un certificat national en suivi et évaluation des investissements publics et d'un certificat de l'Université Laval en Parlementarisme.

Cette formation traduit une conviction : la transformation d'Haïti nécessite des femmes et des hommes capables de comprendre les réalités du terrain, mais aussi de concevoir des politiques publiques fondées sur la connaissance, les données et l'expérience.

Une expérience construite entre institutions, Parlement et société

Jean Odelin Casseus possède une expérience professionnelle diversifiée dans les institutions publiques, les organisations internationales, la société civile et le milieu universitaire.

Il a notamment travaillé au Ministère des Affaires étrangères, au Ministère du Tourisme, auprès du Haut-Commissariat des Nations Unies aux droits de l'homme, à l'Institut Républicain International et dans plusieurs institutions universitaires. Il a déjà encadré une dizaine d'étudiant à la rédaction de leur mémoire de licence.

Son passage au Parlement haïtien constitue également une étape importante de son parcours. De 2017 à 2020, il a été conseiller parlementaire auprès du député Déus Deronneth, participant à la préparation des dossiers et notes de synthèse destinés aux séances parlementaires ainsi qu'à la rédaction de propositions de lois.

Cette expérience lui a permis de connaître de l'intérieur les exigences du travail parlementaire : comprendre les problèmes, analyser les politiques publiques, préparer des textes et contribuer au processus législatif.

Un homme de recherche, de transmission et de dialogue

L'enseignement et la transmission occupent également une place importante dans son parcours. Il a enseigné dans plusieurs institutions universitaires haïtiennes (IERAH, CEDI, UNDH, UPBAS, IGGEP) et françaises (Université Jean Moulin Lyon 3). Il a participé dans plusieurs colloques internationaux comme intervenant et a contribué à la coordination de programmes de formation universitaire à l'IGGEP.

Ses travaux et publications portent notamment sur la diplomatie culturelle d'Haïti, la modernisation administrative, le multipartisme et les crises électorales et post-électorales, ainsi que sur les enjeux liés aux services et à l'insécurité dans les espaces urbains.

Son parcours l'a ainsi placé au contact de plusieurs réalités du pays : institutions publiques, Parlement, universités, organisations de la société civile, communautés et acteurs internationaux.

Pourquoi le Sénat ?

Sa candidature au Sénat s'inscrit dans la continuité de ce parcours.

Elle repose sur une volonté de mettre son expérience, sa formation et sa connaissance des institutions au service de la République et, plus largement, d'une vision de la politique fondée sur le travail, la connaissance, le dialogue et la responsabilité publique.

Pour Jean Odelin Casseus, être sénateur ne doit pas se limiter à occuper une fonction institutionnelle. Le Sénat est un espace de représentation, de contrôle de l'action publique, de réflexion sur les grandes orientations nationales et de contribution à la production législative.

Son parcours lui a permis d'observer les réalités haïtiennes depuis plusieurs angles : celui du citoyen issu du milieu rural, celui de l'étudiant, du chercheur, de l'enseignant, du professionnel, du conseiller parlementaire et de l'acteur engagé dans les institutions publiques et la coopération internationale.

C'est avec cette expérience plurielle qu'il souhaite aujourd'hui porter sa candidature.

Des racines qui restent une boussole

De Belle-Fontaine à Fort-Jacques, des bancs de l'école aux universités, du commerce de pain de sa mère aux institutions nationales et internationales, son parcours reste marqué par une même volonté : avancer sans oublier d'où l'on vient.

La boulangerie qu'il ouvre en 2026 en est une illustration concrète. Elle renouvelle une histoire commencée avec sa mère et rappelle que le développement ne se construit pas uniquement dans les institutions : il se construit aussi dans les quartiers, les communautés, les entreprises, les familles et dans le travail quotidien des citoyens.

C'est avec cette histoire, cette expérience et cet attachement au territoire que Jean Odelin Casseus se présente comme candidat au Sénat pour le département de l'Ouest.

MON PROGRAMME POLITIQUE

Un parlementaire n'est pas là pour se substituer au gouvernement.

Il est là pour représenter le peuple, faire les lois, voter le budget, contrôler l'action du gouvernement et défendre l'intérêt national.

C'est sur ces principes que je prends l'engagement de servir la population.



Faire la loi



Contrôler le pouvoir



Défendre le peuple

SOMMAIRE

AXE 1 État de droit et justice 8

AXE 2 Transparence et contrôle de l'action gouvernementale 9

AXE 3 Proximité, décentralisation et économie 10

AXE 4 Sécurité, mobilité et ordre public 11

AXE 5 Inclusion : diaspora, femmes et jeunes 12

AXE 6 Langue, justice, identité et éducation 13

AXE 1

01 ÉTAT DE DROIT ET JUSTICE

1. La loi doit être la même pour tous

Dans notre pays, il existe un profond sentiment d'injustice, parce que la loi ne s'applique pas toujours de la même manière à tous. Je mettrai à profit mes pouvoirs législatifs et de contrôle pour défendre le principe d'égalité devant la loi. Je plaiderai pour renforcer l'indépendance de la justice, l'accès des citoyens à la justice et la responsabilité de ceux qui abusent de leur pouvoir. Nous devons construire un système dans lequel la position sociale, la richesse ou les relations politiques ne déterminent pas la manière dont la loi est appliquée.

2. Transparence et contrôle avant la ratification des juges et des ambassadeurs

Le peuple doit pouvoir connaître et comprendre le parcours des personnes auxquelles l'État confie de grandes responsabilités, ainsi que leurs qualifications, leur expérience et leur intégrité. C'est pourquoi, avant toute ratification relevant de la compétence du Sénat, j'examinerai avec rigueur les qualifications, l'expérience et l'intégrité des personnes concernées. Je défendrai la mise en place de critères publics d'évaluation et je rendrai publiques mes positions ainsi que les raisons qui les motivent, dans les limites prévues par la loi.



02 TRANSPARENCE ET CONTRÔLE DE L'ACTION GOUVERNEMENTALE

3. Faire du budget un véritable contrat public

Le budget national est souvent voté avec de nombreuses promesses, mais les citoyens ne savent pas toujours si les projets prévus ont effectivement été réalisés, combien ils ont coûté et quels résultats ils ont produits. Nous devons assurer un suivi de l'exécution du budget national tout au long de l'année, et pas uniquement au moment du bilan final.

4. Pour une politique étrangère au service d'Haïti

Le peuple haïtien doit savoir ce à quoi l'État l'engage. Les accords et engagements internationaux pris par le gouvernement peuvent avoir des conséquences importantes sur la sécurité, l'économie, la diplomatie et la souveraineté du pays. Je procéderai à un examen attentif des engagements internationaux nécessitant l'intervention du Sénat, j'évaluerai leurs conséquences pour le pays et je demanderai que les informations nécessaires soient accessibles au public.

5. Faire des commissions parlementaires de véritables outils de travail

Je compte travailler au sein des commissions liées aux grandes priorités : Affaires étrangères, Cultes et Défense ; Affaires sociales (santé, éducation, jeunesse, condition féminine…) ; Affaires économiques. Lorsque les commissions ne fonctionnent pas, de nombreux dossiers ne sont pas analysés en profondeur.

03 PROXIMITÉ, DÉCENTRALISATION ET ÉCONOMIE

6. Un sénateur à l'écoute de la population

Trop souvent, les représentants politiques apparaissent pendant les campagnes électorales puis disparaissent une fois les élections terminées. Je mettrai en place un mécanisme régulier permettant de recueillir les plaintes, les propositions et les pétitions des citoyens.

7. Un budget plus équitable pour tous les territoires

Trop de ressources publiques sont concentrées dans certaines zones, tandis que de nombreuses communes et sections communales restent dépourvues d'infrastructures de base. Je défendrai un mécanisme plus équitable et plus transparent de répartition des ressources publiques entre les différentes collectivités territoriales.

8. Créer des entités métropolitaines

Les grandes villes dépassent les limites d'une seule commune. Je proposerai un cadre légal permettant de développer des entités métropolitaines pour les grandes zones urbaines, en commençant par Port-au-Prince, puis en étudiant l'application de ce modèle à d'autres grands centres urbains tels que le Cap-Haïtien et les Cayes.

9. Production nationale et coût de la vie

La vie chère réduit le pouvoir d'achat des familles, tandis que de nombreux petits producteurs haïtiens n'ont pas accès au crédit, aux marchés ou aux moyens nécessaires pour développer leurs activités. Je défendrai une politique budgétaire accordant davantage de soutien à l'agriculture, à l'artisanat, aux petites et moyennes entreprises et aux autres activités productives.

SÉCURITÉ, MOBILITÉ ET ORDRE PUBLIC

10. Sécurité et respect des droits des citoyens

L'insécurité détruit la vie économique et sociale du pays. J'utiliserai le pouvoir de contrôle du Sénat pour demander des informations sur le budget, les équipements, le recrutement et les résultats des forces de sécurité.

11. S'attaquer au problème de l'usage abusif des sirènes

Les ambulances, les véhicules des sapeurs-pompiers et les véhicules de police peuvent se retrouver bloqués dans la circulation, tandis que certaines personnes utilisent des sirènes ou d'autres privilèges de manière abusive ou illégale. Je travaillerai à l'adoption et à l'application effective de dispositions légales donnant une véritable priorité aux véhicules d'urgence.

12. Réglementer le secteur des taxis-motos

Le taxi-moto constitue une source importante de revenus pour de nombreuses familles et représente l'un des principaux moyens de déplacement de la population. Je compte travailler avec les chauffeurs, les associations et les autres acteurs concernés afin de développer un cadre légal prévoyant notamment l'enregistrement, les permis, l'assurance, le port obligatoire du casque, l'identification des conducteurs et la formation aux règles de circulation.

13. S'attaquer au problème des déchets

La mauvaise gestion des déchets entraîne la pollution, l'obstruction des canaux, les inondations et d'autres problèmes sanitaires. Je chercherai à clarifier le cadre légal relatif aux responsabilités du SNGRS, des mairies et des autres acteurs concernés. Je défendrai des règles claires concernant la collecte des déchets, les sanctions et les mécanismes de constatation des infractions.

05 INCLUSION : DIASPORA, FEMMES ET JEUNES

14. La diaspora est une composante de la nation

Je veux travailler à la protection des droits de la diaspora, à l'amélioration de l'application des lois relatives à la nationalité et à la propriété, ainsi qu'à la création de meilleures conditions pour ses investissements en Haïti. Je travaillerai également à la mise en place de mécanismes permettant aux compétences, aux capitaux et à l'expérience de la diaspora de contribuer davantage au développement national.

15. Protection et participation des femmes et des filles

Les femmes et les filles continuent de faire face à la violence et à la discrimination, tandis que leur représentation dans les espaces de décision demeure une question importante. Je soutiendrai les lois visant à renforcer la protection des femmes contre les violences, à améliorer leur accès à la justice et à favoriser leur participation à la vie publique et politique.

16. Passer du chômage des jeunes aux opportunités

De nombreux jeunes terminent leurs études sans formation professionnelle suffisante, sans emploi et sans accès à des opportunités économiques. Je soutiendrai les politiques et les lois permettant de développer la formation technique et professionnelle, l'apprentissage, l'entrepreneuriat et la création d'emplois pour les jeunes.

17. Les personnes handicapées

Je travaille depuis plusieurs années avec des personnes handicapées ainsi qu'avec d'autres groupes minoritaires de la société. Je compte réaliser un audit des institutions qui fournissent des services publics et privés afin d'évaluer leur niveau d'inclusion.

06 LANGUE, JUSTICE, IDENTITÉ ET ÉDUCATION

18. Une justice accessible dans la langue du peuple

Un citoyen ne peut défendre ses droits s'il ne comprend pas les lois qui régissent sa vie. Je défendrai une politique nationale pour rendre le système juridique plus accessible en créole, en commençant par la traduction officielle, en langage clair, du Code pénal, du Code civil, du Code de la route et des autres grands textes, ainsi que des informations sur les procédures judiciaires.

19. Le créole dans les tribunaux et l'administration publique

Lorsqu'une personne devant un tribunal ne comprend pas la langue utilisée pour expliquer ou défendre son dossier, ses droits peuvent être fragilisés. Je soutiendrai les mesures permettant l'utilisation du créole chaque fois que cela est nécessaire pour garantir la compréhension des citoyens, notamment lors des audiences, dans l'information sur leurs droits, dans les documents explicatifs et dans les communications avec l'administration publique.

20. Une éducation en créole pour comprendre avant de mémoriser

La langue d'enseignement peut devenir une barrière lorsque l'élève ne la maîtrise pas suffisamment pour comprendre les concepts enseignés. Je plaiderai pour renforcer l'utilisation du créole comme langue d'enseignement, notamment dans les sciences, les mathématiques, l'histoire et les autres matières fondamentales, tout en développant des matériels pédagogiques adaptés et en renforçant la formation des enseignants.

21. Une identité nationale qui parle au peuple

La refondation du pays exige davantage que des changements économiques et institutionnels. Je porterai une réflexion sur la place du créole et de la culture haïtienne dans les institutions de l'État, ainsi que sur des propositions visant à permettre que l'hymne national puisse être chanté en créole, dans le respect du cadre légal applicable.

CONCLUSION

Ce programme repose sur une conviction simple :

Haïti a besoin d'institutions au service des citoyens, et non de citoyens contraints de servir les institutions.

En tant que parlementaire, mon engagement n'est pas de promettre ce qu'un sénateur n'a pas le pouvoir de réaliser.

Mon engagement est d'utiliser pleinement les outils que la Constitution confère au Sénat :

faire les lois, voter le budget, contrôler l'action du gouvernement, ratifier lorsque la loi l'exige et représenter la voix du peuple.

Je m'engage à mener un travail parlementaire mesurable, transparent et accessible.







★

Faire la loi. Contrôler le pouvoir. Défendre le peuple.

REJOIGNEZ-NOUS

www.jeanodelincasseus.com

senateur@jeanodelincasseus.com

+509 3535-0505

Adresse du siège, Port-au-Prince

LES DEMOCRATES VISIONNAIRES POUR LA NOUVELLE HAÏTI

Faire la loi. Contrôler le pouvoir. Défendre le peuple.

ENGAGÉ POUR LA NOUVELLE HAÏTI